

Èske mwen nan yon anviwònman travay ki danjere?

carie | 
CENTER FOR ADJUSTMENT, RESILIENCE & RECOVERY

Lè yon moun twonpe, malmennen, oswa fòse yon timoun ki poko gen 18 lane pou fè l travay pou li san li pa trete li byen ni peye li ase, **sa rele trafik mendèv timoun**. Li kapab se djòb tankou netwaye kay oswa travay nan jaden, mande charite oswa vann dwòg. Li enpòtan pou w sonje **se yon move bagay epi OU gen dwa pou w mande moun ede w**.

Gendwa setrafik yo ap fè avèk ou si:



Ou pa konnen **ki lè ak ki jan yo ap peye w**



Yo pa kite ou pase tan ak fanmi ou ni pale ak yo



Yo pa kite ou ale lekòl



Ou **oblige sèvi lòt moun** menm lè ou pa vle



Gen yon moun **ki pran dokiman enpòtan ou yo** tankou paspò oswa pyès idantite ou



Ou menm ak lòt moun yo **pran chòk nan travay la** men yo pa kite nou ale kay doktè



Ou **rete menm kote** ou ap travay la



Fanmi ou ki nan peyi kote ou soti a ap sibi **menas**



Ou se sèl moun **kap okipe timoun ki pi pití yo**



Yon moun pwomèt ou li ap **peye dèt ou si** ou travay pou li



Se ou menm **ki responsab** fanmi ou



Yo menase ou pou yo **remèt ou bay imigrasyon** oswa fè yo depòte ou



Si ou menm oswa yon moun ou konnen nan sitiayson sa a, gen moun ki la pou ede!

Rele 911 si ou an danje imeda. Liy Asistans Nasyonal pou zafè Trafik Moun la pou ede, **24 sou 27, 7 jou sou 7** lè w rele nan 1-888-373-7888. Yo bay sipò nan plis pase **200 lang**.